

20 Ane De Nou ap Konekte Miami-Dade

CITIZENS' INDEPENDENT
TRANSPORTATION TRUST
**MOVING
FOFORWARD**



Nou Fyè de Siksè Nou

Oscar J. Braynon
Prezidan

Kontribyab yo konte sou Gwoup Transpò Endepandan Sitwayen pou sipèvizè lajan taks ki depanse nan amelyorasyon transpò piblik tankou tren, otobis, wout ak katye nan Konte Miami-Dade.

Depi fondasyon nou an 2002, lè votè yo te apwouve taks siplemantè transpò mwaye santim lan, administratè CITT yo te egzèse responsabiltè fidisye sou plis pase \$4.4 milya revni taks siplemantè. Nou fyè pou nou montre rezilta yo pandan nou ap selebre 20 ane pwogrè nan ede moun rive kote yo bezwen ale.

Travay nou an poko prèt pou fini. Gen anpil lòt amelyorasyon ki nan faz planifikasyon ak konstriksyon. Youn nan amelyorasyon sa yo ke tout moun ap tann se Pwogram Estratejik Transpò Rapid Zòn Miami (SMART) la ki fèt pou ede deplase moun pi fasilman atravè konte a.

Pandan mobilite ap kontinye amelyore nan Konte Miami-Dade, CITT pran angajman pou li travay avèk gouvènman lokal yo ak kominote a pou amelyore konektivite. Nou veye sou tout itilizasyon revni taks siplemantè a, tabkou odit regilye fon ki distribye nan konte a ak minisipalite yo pou amelyorasyon transpò ak transpò piblik.

CITT pran angajman pou li egzèse transparans pou asire konfyans, patisipasyon ak kolaborasyon piblik. Mwen envite w aprann plis sou CITT lè w vizite:

www.miamidade.gov/CITT



Kisa Nou Ye

Nan dat 5 novanm 2002, votè Konte Miami-Dade te apwouve kreyasyon Gwoup Transpò Endepandan Sitwayen (CITT) pou sipèvizè depans yon nouvo taks siplemantè mwaye santim lajan ki la pou finansman amelyorasyon transpò.

Tout 15 manm konsèy sitwayen nou an se volontè ki travay ansanm aktivman pou kontwòl, fè odit, revize, sipèvizè ak envestige itilizasyon lajan taks siplemantè yo ak aplikasyon Plan Transpò Pèp la.



Mwaye Santim ou an ap Travay

- Liy Metrorail Orange pou ale Ayewopò Entènasyonal Miami
- 136 nouvo vagon Metrorail ak 29 vagon Metromover gwo teknoloji
- Plis pase 600 otobis ekolojik
- Amelyorasyon nan sistèm siyalizasyon sikilasyon Konte a
- Nouvo wonpwen ak lòt dispozitif pou kalme sikilasyon pou rann lari yo pi an sekirite
- Enstalasyon Park & Ride
- Pas transpò gratis pou tout granmoun aje ak veteran ki gen revni




- Yo pase 22% mwaye santim lan bay minisipalite yo pou pwojè transpò lokal yo, tankou trolley, sèvis sou demann, ak pwojè transpò.
- Metromover gratis
- Amelyorasyon wout ak otowout
- Amelyorasyon pou vwa bisiklèt ak pyeton

Kijan Mwatye Santim ou an te Depanse

\$4.4 Milya

Depans akimile taks siplemantè pandan AF 2022



Miami-Dade Transit* \$2.8 Milya

Munisipalite \$958 Milyon

Travo Public \$346 Milyon

CITT Administrasyon \$35 Milyon

Fon ki ap tann alokasyon:

\$220M (5%)

*Peye pou bati, agrandi ak fè fonksyone sèvis transpò piblik.

Ajisteman nan fen ane yo pa reflele.

Pwogram SMART:

Fè yon ti kout je sou sa ki ap vini



- KIDÒ SID:** Otobis Transpò Rapid, an konstriksyon*
- KIDÒN NÒ:** Ekstansyon Metrorail, an planifikasyon
- KORIDÒ NÒDÈS:** Estasyon MiamiCentral ak Aventura fini, Sèvis tren an planifikasyon
- KORIDÒ BEACH:** Li deplase moun otomatikman (ektansyon BayLink ak Design District), ak otobis transpò rapid (ektansyon Miami Beach), an planifikasyon.
- KORIDÒ LÈS-LWÈS:** Otobis Transpò Rapid, an planifikasyon
- KORIDÒ KENDALL:** Otobis Transpò Rapid, an planifikasyon

Pou plis enfòmasyon sou Pwogram SMART la, ale nan:

www.miamidadetpo.org/smartplan.asp

*Kredi fotografi: Depatman Transpò ak Travo Piblik Konte Miami-Dade

CITT Trust Members

Oscar J. Braynon, Prezidan

Robert Wolfarth, Premye Vis Prezidan

Honorable Peggy Bell

Omar Bradford

*Joseph Curbelo

Meg Daly

Qjuezari Harvey

Robert Ruano

*Paul J. Schwiep, Esq.

L. Elijah Stiers, Esq.

Mary Street, Esq.

Ernie Thomas

Javier A. Betancourt, Direktè Egzekitif

*Ansyen Prezidan



Citizens' Independent Transportation Trust

Stephen P. Clark Center · 111 NW 1st Street, Suite 1661

Miami, Florida 33128-1994

305-375-1357 · www.miamidade.gov/citt



@GoCITT



@transportationtrust



@Citizens' Independent Transportation Trust



@Citizens' Independent Transportation Trust



Pou w jwenn enfòmasyon sa yo nan yon fòm aksesib, tanpri rele 305-375-1326.